



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMANS PWOJÈ AMELYORASYON SEKIRITE
16.6 MILYON DOLA NAN ROUTE 5S LA NAN UTICA**

Amenajman yo pral Amelyore Sekirite Sikilasyon ak Aksesibilite, Kreye yon Nouvo Pòtay pou Rantre nan Vil la epi Sipòte Komès ak Kwasans Ekonomik

Reprezantasyon Grafik yo Disponib [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te kòmanse travay nan yon pwojè revitalizasyon kominotè k ap koute 16.6 milyon dola sou koridò Route 5S la (Oriskany Street) nan Utica. Pwojè a, k ap pwomouvwa inisyativ Ri Konplè (Complete Streets Initiative) Gouvènè a, ap amelyore sekirite pou pyeton yo, siklis yo ak otomobilis k ap pase nan koridò ki trè frekante sa a. Amenajman operasyonèl ak fizik yo gen ladan mezi pou ralanti sikilasyon ki pral kreye yon nouvo pòtay akeyan ak atiran pou rantre nan katye Bagg's Square la, ki anglobe distri biznis santral la sou Genesee Street ak estasyon istorik Union Station lan.

“Mòdènizasyon koridò Route 5S la pral amelyore yon antre prensipal nan Utica ak katye I yo, pandan I ap amelyore sekirite pou tout vwayajè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye envesti nan pwojè amelyorasyon tankou sila sa yo, k ap ede rajeni kominote yo, sipòte biznis lokal yo epi fè New York vin menm yon pi bon kote pou moun viv, travay ak elve fanmi yo.”

Pwojè a -- yo pwograme k ap fini nan fen ane 2020 an -- mande pou amelyore aksesibilite pou moun ki gen andikap yo, reyalinye wout la, redwi kantite liy sikilasyon yo, konstwi yon wonpwen nan kafou kote Route 5S la kontre ak John Street la, epi ajoute adaptasyon pou bekàn ak pyeton yo. Pwojè a k ap pwolonje 1.12 kilomèt soti Broadway to Broad Street, pral rekonfigire kafou yo epi redwi sa ki laj yo pou rann li pi fasil pou moun navige yo. Yo pral modènize tout pano siyalizasyon yo, sa k ap amelyore vizibilite epi redwi volim sikilasyon.

Yo pral fè amenajman peyizaje enpòtan nan koridò a tou avèk 11 varyete pye bwa ak 250 abriso, ak plis pase 9,000 plant y ap plante ototal. Pami lòt amelyorasyon ankò, yo pral enstale ban piblik ak sipò pou bekàn yo, ansanm ak plis pase 100 aparèy ekleraj sou bò wout la ak santye yo.

Yon fwa yo fini l, pwojè a pral redwi blokis, amelyore aksè a kominote a epi sipòte redevlopman bilding rezidansyèl ak komèsyal yo, tankou Bilding istorik Landmarc la ak agrandisman kanpis Utica College gen nan sant vil la. Amenajman yo pal rann koridò a vin pi bèl epi ofri yon anviwonman ki pi favorab a pyeton yo pou ankouraje plis moun mache a pye nan zòn sant vil la epi ede ajoute sou efò biznis lokal yo ap fè pou yo revitalize katye istorik Bagg's Square la.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la, Paul A. Karas, te deklare, “Gouvènè Cuomo konnen transpò solid sipòte kominote ki an bon sante yo. Amelyorasyon nan Route 5S la se yon lòt investisman entèlijan ankò ki pral pwomouvwa mobilite pandan l ap kreye djòb, sipòte devlopman ekonomik ak amelyore kalite lavi”.

Gouvènè Cuomo te siyen yon lwa an 2011 ki egzije ajans transpò eta ak lokal yo pou yo konsidere konsepsyon “Ri Konplè” yo pou rann ri ak wout atravè eta a yo rete sekirite ak aksesib pou tout Nouyòkè yo.

Prensip “Ri Konplè” yo fasilite amelyorasyon izaj pataje wout yo pou tout itilizatè yo -- pami yo pyeton, otomobilis, ak siklis yo -- ansanm ak pwomouvwa yon sistèm transpò ki pi pwòp, ki pi favorab a anviwonman avèk mwens anbouteyaj sikilasyon epi k ap lakoz lè a gen mwens polisyon. Karakteristik konsepsyon yo gen ladan twotwa, liy pou bekàn, pasaj pou pyeton, pano siyalizasyon pyeton yo ka kontwole, vwa rezève pou bis yo, bòdi twotwa, travès elve pou pyeton, bretèl, ak mezi pou ralanti sikilasyon an yo.

Senatè Joseph Griffo te deklare, “Li enpòtan pou nou kontinye amelyore vwa demode ensekirite nou yo lè nou fè amenajman sekirite yo byen bezwen yo pou otomobilis yo, pyeton yo ak lòt moun yo ka vwayaje an plis sekirite atravè vil la ak rejyon an. Li enpòtan pou nou investi lajan nan rejyon nou an pou nou amelyore kondisyon wout ak ri nou yo. Pi bon wout pote espwa pou gen nouvel opòtinite paske amelyorasyon nan enfrastrikti nou an se yon eleman kle nan devlopman ekonomik”.

Manm asanble Anthony Brindisi te deklare, “Utica ap transfòme, epi youn nan pi gwo rezon k ap fè sa a ap modènizasyon k ap fèt nan enfrastrikti transpò nou an. Route 5S la te yon vwa prensipal de lès a lwès ki pase atravè Utica depi anpil ane, men li demode. Rekonfigirasyon otowout sa a pou l ka vin sekirite pou otomobilis yo ak pyeton yo pral yon chanjman konsiderab ki pral amelyore aparans zòn lan tou —menm jan renovasyon North-South Arterial la te fè a. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou tout sa l ap fè pou l amelyore transpò nan rejyon Mohawk Valley a”.

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr., te deklare: “Pwojè Route 5S la pral amelyore efikasite ak sekirite youn nan zòn kote moun plis vwayaje nan kè Vil Utica. Ansanm ak pwojè North-South Arterial la ki prèske fini an, y ap konplètman transfòme navigasyon chèflye nou an epi yo pral ede anpil nan kad amelyorasyon gran devlopman ekonomik ak amenajman enpòtan k ap fèt nan koridò sant vil la yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou finansman sa ki pral rann bèl pwojè sa a fèt epi mwen paka tann pou l fini”.

N'ap fè otomobilis yo sonje ke kontravasyon yo double lè yo depase vitès limit nan zòn travay yo. Konfòmeman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo anile lisans yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon an tan reyèl, rele 511, vizite www.511NY.org, oswa konekte sou telefòn selilè w sou m.511ny.org.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

W'ap jwenn lòt nouèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)